



**KOMINOTE MASSACHUSETTS  
TRIBUNAL MASSACHUSETTS  
BIWO ADMINISTRATIF TRIBINAL POU FANMI  
AK SIKSESYON  
3 Center Plaza, Nimewo  
Chanm 210  
Boston, MA 02108**

**John D. Casey**  
Jij an Chèf

TEL : (617) 788-6600  
FAKS: (617) 788-8995

24 Mas 2020

Alo,

Tan sa yo difisil pou tout moun, menm manm anplwaye ki nan Tribinal Siksesyon ak Fanmi yo ak tout lòt anplwaye ki fè pati depatman Tribinal Premye Enstans yo ladan'l tou. Mwen vle piblikman remèsye anplwaye yo, asosyasyon baro yo, ak tout patnè nou yo paske yo te travay pou nou te kapab bay Jistis a sila yo ki te bezwen nou.

Se nan moman sa yo, lè sosyete a ap sibi menas ke moun pat panse kite ka rive nan tan pase yo, ke règ lalwa vin-n pi enpòtan ke jamè. Akoz de tout efò ak sakrifis anplwaye nou yo, nou rete disponib pou nou bay lòd epi ranfòse lod kite deja la nan ka ijan yo. Si w genyen ka ki eksèpsyonèl / ijan, ou dwe kontakte tribinal lokal ou a.

Paran yo ka toujou egzèse dwa de visit yo pandan peryòd tan sa a. An reyalyite, li enpòtan pou timoun yo pase tan ansanm ak toulède paran yo epi pou chak paran gen opòtinite pou yo angaje yo nan aktivite Fanmi yo, kote ke Tribinal la te deja pase lòd. Nan ka ke yon paran dwe mete tèt li an karantèn oswa anpeche pou li gen kontak ak lòt moun, tou de paran yo dwe travay ansanm pou pèmèt chak paran yo pase tan ak timoun yo pa videokonferans oswa pa telefòn.

Pou ede paran yo, epi apre pou paran yo ka ede pitit yo, nou modifye klas ki obligatwa pou paran yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo konsènan sijè sa a nan adrès elektwonik sa a:

<https://www.mass.gov/advisory/clarification-to-parent-education-procedures-in-section-h-1-of-probate-and-family-court>.

Wap jwenn enfòmasyon nan sit nou an konsènan edikasyon tou de paran timoun yo pandan moman estrès e difisil yo. Adres la se: <https://www.afccnet.org/Coronavirus>. Epitou, dirijan Tribinal Association of Family and Conciliation avèk American Academy of Matrimonial Lawyers te piblye sèt (7) dirèktiv pou paran ki divòse / separe epi ki pataje siveyans timoun yo pandan pandemi COVID-19 la. Yo ka jwenn yo nan adrès elektwonik sa a:

<https://www.afccnet.org/Portals/0/COVID19Guidelinesfordivorcedparents.FINAL.pdf?ver=2020-03-17-202849-133> epi nan sit entènèt nou an.

/s/ John D. Casey

John D. Casey

Jij an Chef

Tribinal Fanmi ak Siksesyon nan Massachusetts